



SEKOLAH MENENGAH PERTAMA (SMP) KATOLIK "YOHANES GABRIEL PARE"

STATUS TERAKREDITASI *A*

NSS : 204 051 308 036 NDS : E17102009 NPSN : 20511983

Jl. LetjenSutoyo No. 78 Telp. (0354) 393701 Pare 64211

Email : smpk.yogapare78@gmail.com

PENILAIAN TENGAH SEMESTER GENAP
Tahun Ajaran 2021/ 2022

Kelas :

7

Mata Pelajaran : Bahasa Daerah
Hari/tanggal : Jumat, 18 Maret 2022
Waktu : 60 menit

A. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi milih salah siji jawaban sing paling bener!

- (1) Kaiket anane guru gatra, guru lagu, lan guru wilangan.
 - (2) Wujude bebas, ora kudu ditulis nganggo padha/bait.
 - (3) Sing apik saben sabait ngemu gagasan pokok siji.
 - (4) Nggunakake purwakanthi guru swara.
 - (5) Ora kaiket anane guru lagu, guru gatra, lan guru wilangan.
 - (6) Saora-orane ana rong bait.
 - (7) Tetembungane mentes lan mantesi.
1. Sing dadi titikane/ciri-cirine geguritan dituduhake nomer....
 - A. 1,2,4,5
 - B. 2,3,5,6
 - C. 4,5,6,7
 - D. 2,4,5,7
 2. Gatekna pethikan geguritan ing ngisor iki!

KAHANAN WAYAH ESUK

Dening : Muhammad Khoirunnas

Awan kanthi bulak
Kahanan peteng dhedhet
Kabeh padha keblowok turu kepati
Tanpa raga tanpa swara

Ora watara suwe
Wengise wengi sing kumlebat
Karosane ilang tanpa tilas
Kasentor ublik katon gagah

Sapungkure iku
Ngundang etan gedhe, ngancik wayah esuk
Kawiyak sunaring srengenge
Surya ngrembaka maneh

Kabeh padha tangi
Kabeh padha bungah
Kabeh kewan sumringah
Kembang-kembang semburat maneh

Guritan Kahanan Wayah esuk kasebut dumadi saka....

- A. 3 pada, 12 gatra
- B. 1 gatra, 16 pada
- C. 4 pada, 16 gatra
- D. 4 gatra, 16 pada

Kalane rakyat bingung menyang ngendi anggane wadul
Tuyul ora gundhul lungguh jenak sandhuwure kursi
Sinambi mikir kepriye carane korupsi
Tanpa ana sing mangerteni
Saiki tuyul ora gundhul

3. Isi punggelan geguritan kasebut, yaiku...
- A. Pangalembana (sanjungan) marang teknologi sing maju.
 - B. Pasemon (sindiran) ngenani panguripane koruptor.
 - C. Nggambarake rekasane uripe para warga.
 - D. Nyritakake panguripane memedi tuyul.
4. Coba gatekna pethikan teks geguritan ing ngisor iki!

.....
Sapungkure iku
Ngundang etan gedhe, ngancik wayah esuk
Kawiyak sunaring srengenge
Surya ngrembaka maneh
.....

Saka Punggelan geguritan kasebut, dasanamane tembung *surya*, yaiku....

- A. srengenge, aditya, bagaskara
 - B. srengenge, kartika, aditya
 - C. srengenge, kartika, bagaskara
 - D. srengenge, rembulan, bagaskara
5. Gatekna punggelan geguritan ing ngisor iki!

Guru
Sliramu pancen pantes digugu lan *ditiru*
Lakumu ora *kesusu*
Isa gawe tuladha kanggo *awakku*

Purwakanthi kang tinemu ing geguritan ing dhuwur, yaiku purwakanthi guru....

- A. Swara
 - B. Sastra
 - C. basa
 - D. gatra
6. Gatekna pethikan teks geguritan ing ngisor iki!

....
Sabab dina daksaba daksapu
Bangku meja tinata
Sinau
Amrih dadi bocah kang landhep pikire
....

Pethikan geguritan ing dhuwur sing ngemu unsur *tembung entar* yaiku....

- A. Sabab dina daksaba daksapu
- B. Bangku meja tinata
- C. Amrih dadi bocah
- D. Bocah kang landhep pikire

*Ati sing lara, dadi waras
Yen ndeleng apike alam iki
Pikiran sing lesu dadi tuntas
Ndeleng ciptaan sing Kuasa*

7. Tema saka pethikan geguritan ing dhuwur yaiku.....
- A. katresnan marang wongtuwa C. kaendahan alam
B. pendhidhikan D. budipakarti
8. Ndeleng ciptaan sing Kuasa. Tembung “ndeleng” pada tegese karo.....
- A. Ngrusak C. ngrumat
B. Nyawang D. nglestarekake



9. Pilihene geguritan kang cocok karo gambar ing dhuwur kuwi !
- A. Atiku iki lagi seneng
Atiku iki lagi bungah
Amarga aku lagi munggah kelas
Matur nuwun Bapak ...matur nuwun ibu
- B. Umurku saiki wis tambah
Amerga wektu iki aku lagi ulang tahun
Jroning ati aku janji,
Arep dadi bocah kang bekti
- C. Senenging atiku
Kaya-kaya ora iso digambarake
Ya mung aku dhewe kang bisa ngrasakake
Sebab aku entuk hadiah
- D. Hore.....hore.....hore....
Swaraning kanca-kancaku
Kang pada menehi pandhukung
Ya ing dina iki aku nampa ijasah
10. Gawe geguritan iku njejer tembung-tembung sing madhet, kempel, duwe makna. Mula nalika milih tembung kudu permati, yen perlu ditimbang-timbang endi ta tembung sing dianggep paling cocok, pas, trep manut ide-ne. Tingkatan milih tembung iki diarani....
- A. Tema B. diksi C. Amanat D. purwakanthi

*Ora mikir duweke sapa
Ora nyawang dununge
Ilang tanpa tilas,
reged kang gumebyar dadi sipate,*

11. Tembung kang trep kanggo ngisi cecek-cecek ing larik 3 supaya ing gatra kasebut dadi geguritan kang migunakake purwakanthi swara yaiku

- A. kabeh
B. angslup
C. musna
D. amblas

12. Gatekna pratelan ing ngisor iki !

1. Parikan
2. Geguritan
3. Dhandanggula
4. Gambuh

Kang kalebu tembang macapat yaiku....

- A. (1) lan (3)
B. (2) lan (3)
C. (1) lan (4)
D. (3) lan (4)

13. Tembang macapat nduweni paugeran

- A. Guru gatra, guru wilangan, guru lagu
B. Guru gatra, guru swara, guru sastra
C. Guru wilangan, guru basa, guru lagu
D. Guru swara, guru sastra, guru basa

14. Gatekna tembang Asmaradana ing ngisor iki!

Asmaradana

Aja turu sore kaki
Ono dewa nglanglang jagad
Nyangking bokor kencanane
Isine donga katulak
Sandang kalawan pangan
Ya iku bageyanipun
Wong melek sabar narimo

Guru gatrane tembang ing dhuwur yaiku....

- A. 7
B. 8,8,8,8,8,8
C. u, i, a, i, a, i
D. 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i

15. Guru wilangan lan guru lagune gatra pungkasan tembang macapat ing ndhuwur, yaiku ..

- A. 8a
B. 8o
C. 8u
D. 8i

16. Arane tembang macapat iku nggambarake manungsa wiwit lair nganti mati, kang gambarake laire manungsa yaiku....

- A. Megatruh
B. Dhandhanggula
C. Kinanthi
D. mijil

Gatekna teks tembang macapat ing ngisor iki!

Ngelmu iku kalakone kanthi laku
Lekase lawan kas
Tegese kas nyantosani
Setya budya pangekese dur angkara

Tembang macapat ing dhuwur kasebut ngemot pitutur babagan....

- A. Sosial
B. Ekonomi
C. Pamarintah
D. Pendhidhikan

Gatekna tembang ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakon no 17-19!

Kinanthi

Padha gulangen ing kalbu
Ing sasmita amrih lantip
Aja pijer mangan nendra
Kaprawiran den kaesthi
Pesunen sarira nira
Sudanan dhahar lan guling

17. Saka tembang kinanthi ing dhuwur sing kalebu tembang kawi yaiku....

- A. Kalbu, sasmita, nendra
B. Padha, dhahar, guling
C. Ing, amrih, aja
D. Nira, padha, lantip

18. Tegese tembung kalbu yaiku.....

- A. Pedhut
B. Abu-abu
C. Ati
D. Kelambu

19. Guru wilangan lan guru lagu tembang macapat ing ndhuwur yaiku....

- A. 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i
B. 8u, 8i, 8u, 8u, 8u, 8i
C. 8u, 8i, 8u, 8u, 8u, 8u, 8a
D. 8u, 8i, 8u, 8u, 8i, 8i

Coba gatekna tembang sing durung jangkep ing ngisor iki!

Kabeh kudu nuntut ilmu	(8u)
....	(8i)
Nang donya lan neng akhirat	(8a)
Dene ilmu dipahami	(8i)
Mula akeh keuntungan	(8a)
Lan ketentreman urip	(8i)

20. Ukara kang trep kanggo njangkepi baris kaloro tembang ing dhuwur yaiku...

- A. Kanggo sangune urip.
B. Kanggo pedomane urip.
C. Supaya uripe mulya.
D. Aja gawe gelane ati

Jika sudah selesai mengerjakan semua soal, jangan lupa ya untuk :

- **Klik "finish"**
- **Ketik nama lengkap dikolom
" enter your full name"**
- **Ketik nama kelas kalian di kolom
" group/level"**
- **Ketik 'PTS BD GENAP' Pada kolom school subject**
 - **Klik send**